

La Bib pou ti moun  
prézanté



Yon mesajje  
Bondye



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus  
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Yon jou, yon prèt ki te fin granmoun yo te rele Zakari t ap boule lansan nan tanp Bondye a. Pèp la t ap priye deyò a. Toudenkou, Zakari te kòmanse tranble.



Yon zanj te parèt. Li te di : "Pinga w pè. Se Bondye ki voye mwen. Madanm ou pral genyen yon pitit gason. W ap rele li Jan. L ap ranpli ak Sentespri depi kou li fèt. L apral mennen anpil moun vin jwenn Senyè a."



"Pale avèk nou, Zakari." Deyò a, pèp la te etone. Yo pa te konnen zanj Gabriyèl te di Zakari li pa t ap kapab pale ankò jiskaske tibebe a fèt paske li pa te kwè mesaj Bondye a. Li te panse madanm li te twò granmoun pou l te genyen yon pitit.



Lè li te retounen lakay li,  
Zakari te ekri tout sa zanj lan  
te di li a. Pou madanm li,  
Elizabèt, se te yon sipriz. Yo  
te priye pandan lontan pou yo  
te genyen yon pitit. Ki jan sa  
te kapab rive kounye a ?



Aprè yon ti tan  
Elizabeth te  
aprann li te  
ansent. Li te di  
Bondye mèsi.  
Yon jou, Mari,  
kouzin Elizabeth  
la, te vin wè li.  
Mari te ansent  
tou.





Lè Mari te rive,  
Elizabèt te santi  
tibebe a t ap  
bouje nan vant li.  
Elizabèt te ranpli  
ak Sentespri. Li  
te konnen tibebe  
Mari a se t ava  
Senyè Jezikris.  
Ansanm yo te di  
Bondye mèsi ak kè  
kontan.




Tibebe Elizabèt la te fèt jan Bondye te pwomèt l a.  
"Rele li Zakari, menm jan ak papa l," lòt prèt yo te di.

Lè sa a Zakari te sonje lòd  
Bondye te bali a. "Non! Non  
tibebe a se Jan." Lè Zakari  
te fin ekri pawòl sa yo, li te  
vin pale ankò. Apre sa, li te di  
Bondye mèsi.



Lè Jan t ape grandi, li te tankou Eli, gran sèvitè Bondye a. Jan te konn pale ak moun yo sou Pitit Bondye a ki te gen pou li vini byento a. Lidè jwif yo te rayi Jan paske li te konn ap di : "Repanti ! Sispann fè peche." Yo pa te vle tande pale de peche yo.



Genyen kèk lòt moun ki te konn rele li Jan Batis paske li t ape batize moun pou yo montre yo te regrèt peche yo. Yon jou, Jezi t ale kote Jan pou li te batize l.

Jan te pwoteste :  
"Se w menm ki ta dwe batize mwen." Men, Jezi te di : "Pou kounye a se konsa sa dwe ye."  
Kidonk, Jan te batize Jezi.



Aprè batèm Jezi  
a, Jan te wè  
Sentespri a te  
desann sou Jezi sou  
fòm yon pìjon. Se te  
yon siy ki soti nan  
Bondye. Jan te  
konnen Jezi se te  
Pitit Bondye. Jan te  
rele Jezi Ti Mouton  
Bondye a ki vin wete  
peche mond lan.




Jan te mennen anpil moun bay Bondye. Men, Ewòd, wa diabolik la, te mete Jan nan prizon. Jan te di Ewòd : "Ou pa gen dwa pou w pran Erodyad, madanm frè w la, kòm madanm ou. Se yon peche." Ewòd te konnen se te vre. Li te konnen Jan se te yon sèvitè Bondye, yon nonm jis ak sen. Men, li pa te vle sispann peche. Epi Jan pa te vle sispann preche kont peche, menm si sa ta vle di ale nan prizon.



Pou anivèsè li, Ewòd te fè yon gwo fèt. Pitit fi Erodyad la te danse pou li. Sa te fè Ewòd plezi. "Ou kapab mande mwen nenpòt sa w vle," li te pwomèt li. "Menm si se mwatye nan wayòm mwen an."





"Kisa mwen pral mande la a ?" jenn fi a t ap mande tèt li. Manman li, Erodyad, ki te rayi Jan, te di l sa pou l mande. Se te yon bagay terib !



"Ban mwen tèt Jan Batis sou yon plato," jenn fi a te di Ewòd. Ewòd te regrèt li te fè pwomès sa a, men li te gen twòp ògey pou l pa te kenbe pawòl li. "Koupe tèt Jan Batis, epi pote li ban mwen," Ewòd te bay lòd. Sòlda l yo te obeyi li.



Avèk trsitès, zanmi  
Jan yo te antere kò  
brav ak fidèl sèvitè  
Bondye a. Travay  
Jan pou Bondye te  
fini kounye a. Petèt  
yo te konnen Jezi †  
apral konsole yo  
nan lapenn yo a.



Yon mesaje Bondye

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Mak 6 ; Lik 1 : 3

"Pawòl Bondyé poté limyè."

Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :  
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

